



# Yon biznis ki pi an sante kòmanse avèk anplwaye ki pi an sante.

# Mache Asirans NY State of Health pou Ti Biznis Apèsi pou Pwopriyetè Ti Biznis yo



Rele nou nan nimewo  
**1-855-355-5777 TTY: 1-800-662-1220**  
**nystateofhealth.ny.gov**

# Kisa Mache Asirans pou Ti Biznis yo ye?

Mache Asirans NY State of Health pou Ti Biznis se mache asirans sou entènèt kote ou kapab chwazi pami anpil kalite plan sante ak plan dantè pou ofri anplwaye ou yo.

## Kisa avantaj yo ye?

- Ou kapab ofri anplwaye ou yo yon chwa plan ki senp oswa yon chwa ki gen kèk posiblite – NY State of Health ap swiv epi voye ba ou yon bòdwo prim asirans lan chak mwa.
- Ou deside ki kantite lajan pou kotize nan frè pwoteksyon asirans anplwaye yo. Ou kapab:
  - Peye yon pousantaj nan prim asirans lan
  - Peye yon kantite lajan fiks
  - Pa peye anyen ditou
- Ou ka kalifye pou yon kredi nan taks pou ti biznis ki ka rive jiska 50% frè prim asirans lan. Kredi nan taks yo disponib sèlman nan NY State of Health.

# Èske biznis mwen kalifye pou patisipe?

Wi, si biznis ou:

- Nan Eta New York oswa si li gen yon lokal fizik biznis lan nan Eta New York
- Gen 1-100 anplwaye ki kalifye
- Enskri omwen yon anplwaye dwa komen jan sa defini anba la a
- Ofri pwoteksyon asirans sante pou tout anplwaye kalifye ou yo

## **Yon nòt sou antrepriz endividyèl yo:**

Anba lwa federal, antrepriz endividyèl oswa biznis ki pa anplwaye omwen yon anplwaye dwa komen pa kalifye pou achte pwoteksyon kòm yon ti gwoup. Yon anplwaye dwa komen se nenpòt anplwaye ki pa ni yon pwopriyetè, ni yon patnè ni madanm/mari yon pwopriyetè oswa yon patnè. **Antrepriz endividyèl yo oswa lòt kalite biznis ki pa gen yon anplwaye dwa komen ka achte pwoteksyon asirans sante nan Mache Asirans Endividyèl NY State of Health.**

# Èske mwen gen obligasyon pou ofri pwoteksyon asirans pou tout anplwaye yo?

- Ou dwe ofri pwoteksyon asirans pou tout anplwaye ki kalifye yo. Ou kapab chwazi pou ofri asirans sante pou anplwaye atan-pasyèl yo tou, ki defini kòm anplwaye ki travay 20 èdtan oswa plis pa semèn. Men ou pa gen obligasyon pou fè sa.
- Pwopriyetè biznis yo kalifye pou enskri.
- Soutretan yo ak antreprenè endepandan yo pa konsidere kòm anplwaye, epitou yo pa kapab enskri.

## Konbyen lajan l ap koute?

Mache Asirans lan gen anpil kalite chwa pou adapte avèk bidjè ou. Kantite lajan egzat la ap depannde:

- Chwa plan sante ou ofri yo
- Kantite lajan ou kotize nan pwoteksyon anplwaye ou yo

Ritm nou modifye prim yo chak trimès. Tarif ou resevwa lè ou antre nan plan an se tarif w ap kenbe pandan 12 mwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou frè chak plan sante, tanpri ale sou sitwèb nou nan [nystateofhealth.ny.gov/employer](http://nystateofhealth.ny.gov/employer) epi itilize zouti "get quotes" (jwenn estimasyon) tool.

Get Quotes    Select Insurance Type    Enter Valid Zip

The form has three main input fields: 'Get Quotes', 'Select Insurance Type', and 'Enter Valid Zip'. Below these is a red rectangular area containing a CAPTCHA challenge. The challenge shows a distorted image of the number '331' and a text input field asking 'Type the text' with the value '331'. To the right of the text input is a 'reCAPTCHA' logo.

## **Kisa mwen bezwen konnen sou Kredi nan Taks sou Swen Sante pou Ti Biznis?**

Biznis ou ka kalifye pou Kredi nan Taks sou Swen Sante pou Ti Biznis si ou:

- Anplwaye mwens pase 25 moun atanplen (de anplwaye atan-pasyèl konte pou yon anplwaye atanplen)
- Peye anplwaye ou yo yon revni mwayen ki piti pase \$50,000 pa ane
- Kotize nan omwen mwatye pi prim endividyèl nan frè yo

**Konsilte yon pwofesyonèl taks pou detèmine si biznis ou kalifye pou kredi sa a.**

## **Kijan mwen kapab enskri biznis mwen?**

- Kontakte yon koutye sètifye NY State of Health oswa yon moun ki pou ede ou fas-a-fas. Chèche yon koutye oswa yon ki pou ede ou sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor>
- Ale sou entènèt sou sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov). Ou kapab kreye kont pa ou, epitou ou kapab deside ki plan sante pou ofri pou anplwaye ou yo.
- Rele Sant Sèvis Kliyantèl la nan nimewo **1-855-355-5777**. Reprezantan yo kapab ede ou nan telefòn.

## Kilè mwen kapab enskri biznis mwen?

Yon ti biznis ki kalifye kapab enskri nenpòt lè pandan ane almannak la. Pwoteksyon an ap toujou anvigè nan premye jou mwa a – epi lap vini dat kòmansman pou ane plan gwoup ou a. Ou dwe enskri anvan 15yèm jou mwa a pou pwoteksyon an vin anvigè nan lye jou mwa apre a.

# Nòt

# Ou bezwen èd?

Kontakte Sant Sèvis Kliyantèl  
NY State of Health nan nimewo:

**1-855-355-5777**  
**TTY 1-800-662-1220**

Orè:

**8am-8pm: Lendi – Vandredi**  
**9am-1pm: Samdi**

Jwenn yon moun ki pou ede ou  
fas-a-fas sou sitwèb

**info.nystateofhealth.ny.gov/  
findassistor**

Oswa konekte sou sitwèb

**nystate**of**health.ny.gov**

